# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–20 अक्टूबर 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु वाराणसी जिले से छौ हजार एक सौ करोड़ रूपिया से जियादे के लागत वाली परियोजना क सौगात दिहले। जिला के सिंगरा स्टेडियम मे भइल कार्यक्रम के दौरान प्रधानमंत्री करीब दुइ हजार आठ सौ सत्तर करोड़ रूपिया के लागत वाली बनारस के लाल बहादुर शास्त्री अंतर्राष्ट्रीय हवाई अड्डा के हवाई पट्टी के विस्तार अउर नया टर्मिनल भवन के निर्माण अउर ओह से जुड़ल कार्ययन क नेइ धइले।

उहां के आगरा, दरभंगा अउर बागडोगरा हवाई अड्डा पर नया सिविल एन्क्लेव, रीवा हवाई अड्डा, मॉ महा माया हवाई अड्डा, अम्बिकापुर अउर सरसांवा हवाई अड्डा के नया टर्मिनल भवन के वर्चुअल माध्यम से उद्घाटन कइलें। एकरे अलावे उहां के प्रधानमंत्री खेलो इंडिया योजना, अउर स्पार्ट सिटी मिसन के तहत दुइ सौ दस करोड़ रूपिया से जियादे के लागत वाली वाराणसी स्पोटर्स कॉम्प्लेक्स के पुर्नविकास के चरण दुइ अउर तीन क उद्घाटनों कइलें।

येह मौका पर प्रधानमंत्री कहले कि सज्जो परियोजना नौजवानन बदे रोजगार के ढेरि मौका लेके आइल हवे। उहां के विकास परियोजना बदे कासीवासियन के साथे–साथे देसवासियनो के ढेरे बधाई देहलीं ।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु बनारस में अत्याधुनिक सुविधा वाला शंकरा नेत्र चिक्तिसालय क उद्घाटन कइलें। बनारस क ई अस्पताल देस में शंकर नेत्रालय क चौउदहवां अस्पताल हवे जवन हर साल सबसे गरीब मरीजन के तीस हजार से जियादे आपरेसन कइले में सक्षम बाटें। ऐह मौका पर प्रधानमंत्री कहलें कि आर जे शंकर नेत्र अस्पताल बनारस अउर येह क्षेत्र के कई गो लोगिन के जिनगी से अंधकार दूर करी। ई ऑख क अस्पताल खाली बुजुर्ग लोगिन खातिर उपयोगी नाही होई बलुक लइकनों खातिर ई ऑख क अस्पताल वरदान साबित होई।

प्रधानमंत्री कहलें कि पछिला दस सालि में देस में स्वास्थ्य सेवा परिदृश्य में ढेरि बदलाव आइल हउवे अउर खास तौर से काशी अब खाली पूर्वाचले नाही बलुक पूरा देस के प्रमुख स्वास्थ्य केन्द्र के रूप में प्रसिद्ध हो रहल बाटे। उहां के कहलीं कि उनकर सरकार अगिला पांच सालि में पचहत्तर हजार अउरियों मेडिकल सीटि जोड़े जा रहलि हवे।

**********

येह मौका पर प्रदेस का राज्यपाल आनंदीबेन पटेल, मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अउर कांची–कामकोटि–पीठम–तमिलनाडु क जगद्गुरू श्री शंकर विजयेन्द्र सरस्वती मौजूद रहलें।

**********

अजोध्या में राम के पैड़ी पर येहू सालि भव्य दीपोत्सव क आयोजन कइल जाइ। रामलला के प्राण प्रतिष्ठा के बाद येह पहिला दीपोत्सव में पछिला सालि क रिकॉर्ड तूरले क कोसिस होई। एकरे खातिर नोडल विभाग डाक्टर राम मनोहर लोहिया अवध विश्वविद्यालय तइयारियन में जुटल हउवे। विश्वविद्यालय क कुलपति प्रोफेसर प्रतिभा गोयल आजु अपने वरिष्ठतम सहजोगियन के साथे दीपोत्सव से जुड़ल सज्जों जगहिन क निरीक्षण कइलिनं। ओहर राम के पैडी पर दीया बिछावे बदे निसान लगवले क काम अंतिम चरण में बाटे।

**********

दीवाली अउर छट्ठ पूजा के मद्देनजर उत्तरी अउर पूर्वी राज्यन क यात्रा करे वाले यात्रियन के भीड़ के देखत मध्य रेलवे मुम्बई, पूणे अउर नागपुर के सथहीं महाराष्ट्र के कई गो स्टेसनन से पांच सौ सत्तर विसेस रेलगाड़ी चलवले क घोसणा कइले हवे। सेंट्रल रेलवे क मुख्य जन सम्पर्क अधिकारी स्वप्निल नीला आकासवाणी से बातचीत में ई जनकारी देहलें। यात्री येह रेलगाड़ियन क पूरा टाइम टेबिल डब्ल्यू डब्ल्यू डब्ल्यू डॉट इंक्वायरी डॉट इण्डियन रेल डॉर जीओबी डॉट इन पर देख सके लें।

**********

आजु करवा चउथ क तिउहार पूरा प्रदेस में हर्षोल्लास के साथे मनावल जा रहल हवे। महिला लोगि निर्जला उपवास रखि के भगवान शिव अउर माता पार्वती के पूजा अर्चना कई रहलि हइन। तिउहार के नाते जेवर अउर कपड़ा के बजारि में अजुओ ढेरे भीड़ि रहल। अबसे थोडकिये देरि बाद चांद निकरले पर व्रती महिला लोगि पानी पिहें आजु के दिन्ने व्रर्ती सुहागिन महिला लोगि अपने पति के लम्हर उमिर क कामना करेलिन।

**********

पूर्वी उत्तर प्रदेस में आजु भइल दुइ गो अलग–अलग सड़क दुर्घटना में चारि जने क मउति हो गइल आ दुइ जने अउरियो घाही हो गइलें। अजोध्या जिला के बाबा बजारि थानाक्षेत्र में बाबा बजारि पावर हाउस के लग्गे आमने सामने भइल दुइ गो मोटर साईकिल के टक्कर में दुइ जने क मउति हो गइल। जबकि एगो मनइ गंभीराहे घाही हो गइल जवने के अस्पताल में भर्ती करा दिहल गइल हवे। ओही मिर्जापुर जिला के मड़िहान थानाक्षेत्र में वनरेंज कार्यालय के लग्गे आजु भिन्नही एगो मोटर साईकिल सामने जा रहल, ट्रैक्टर ट्राली से टकरा गइल। येह दुर्घटना में दादा अउर पोता के मउति हो गइल आ पतोह घाही हो गइल।

**********

आजु अंतर्राष्ट्रीय वायु यातायात नियंत्रक दिवस हवे। पहिली बेरि ई दिवस बीस अक्टूबर दुइ हजार बारह के मनावल गइल रहे अउर ओकरे बादि हर सालि येहि तारीख के ई दिवस मनावल जाला। ई दिवस विमानन उद्योग के ओह नायकन के याद कइलें क दिन हवे जवन लोगिन के हवाई यात्रा के सुरक्षित अउर कुसल बनावल सुनिश्चित करे लें।

**********

***क्विज***